# Nou se Limyè

Traducción Criollo Haitiano - Español

| | |
|---|---|
| **Pitit limyè, pa rete nan fè nwa;** | *Niños de luz, no se queden en la oscuridad;* |
| **Verite ak Lanmou pi fò pase la lwa.** | *La Verdad y el Amor son más fuertes que la ley.* |
| **Depi nan kòmasman paròl la te pale:** | *Desde los inicios del tiempo la palabra ha sido hablada:* |
| | |
| **Tenèb ak mechanste te anvayi la tè;** | *Las oscuridad y la maldad habían invadido la tierra;* |
| **Tout bagay tap mache tankou devan dèyè.** | *Todo funcionaba al revés.* |
| **Granmèt la deside mete lòd nan dezòd.** | *El Señor decidió llevar el orden al desorden.* |
| | |
| **“Dieu dit: Que la lumière soit et la lumière fut”.** | *“El Señor dijo, que se haga la luz! Y hubo luz”* |
| **Limyè nan linivè, limyè nan fon kè nou.** | *Luz en el universo, luz en las profundidades de nuestro corazón.* |
| **Gen anpil bon bagay nan bèl flanm limyè-a:** | *Tantas cosas buenas en la hermosa llama de esta luz:* |
| **Konesans, devlopman,** | *Conciencia, desarrollo,* |
| **Bon konprann, konpasyon,** | *Comprensión y compasión,* |
| **Verite, dignite,** | *Verdad y dignidad,* |
| **La sagès ak la jistis,** | *Sabiduría y justicia,* |
| **Libète ak lesperans,** | *Libertad y esperanza,* |
| **Lanmou ak kè kontan.** | *Amor y felicidad.* |
| | |
| **Pitit limyè, pa rete nan fè nwa.** | *Niños de luz, no se queden en la oscuridad;* |
| **Nou dwe klere pou tout la tè.** | *Debemos brillar para toda la tierra.* |
| **Nou dwe klere nan tout fè nwa** | *Debemos brillar en toda oscuridad.* |
| **Nou dwe klere, nou se limyè.** | *Debemos brillar, somos la luz.* |
| | |
| **Nou se limyè** | *Somos la luz.* |
| **Se vre, men wi se vre!** | *Ciertamente, es verdad!* |
| **Nou dwe klere pou tout la tè.** | *Debemos brillar para toda la tierra.* |
| | |
| **Nou se solèy, nou se chalè,** | *Somos el sol, somos el calor,* |
| **Nou dwe klere nan tout fè nwa.** | *Debemos brillar en toda oscuridad.* |
| **Nou se zetwal, nou se limyè,** | *Somos las estrellas, somos la luz.* |
| **Nou dwe briye pou tout la tè.** | *Debemos destellar para toda la tierra.* |
| | |
| **Pitit limyè, pa rete nan fè nwa;** | *Niños de luz, no se queden en la oscuridad;* |
| **Verite ak Lanmou pi fò pase la lwa.** | *La Verdad y el Amor son más fuertes que la ley.* |
| **Nou se limyè, Limyè se nou.** | *Somos la luz, la Luz es nosotros.* |
| **An nou klere jou aprè jou.** | *Brillemos día tras día.* |
| | |
| *-Gabriel T. Guillaume*<br>*September 2013* | |